

# COVID-19 ak Gwosè

Kreye pa "COVID-19 Health Literacy Project" an kolaborasyon avèk "Harvard Health Publishing"

## Mwen ansent. Kouman mwen pral afekte?

**Èske COVID-19 pi grav lakay fanm ansent? Èske mwen plis sansib a virus la si mwen ansent?**

Nou poko konnen si fanm ansent plis sansib a virus la, ou pa. Lòt maladi grav ki gen rapò ak menm tip virus sa yo reprezante plis risk pou fanm ansent yo, se sak fè ke fanm ansent yo konsidere kòm yon popilasyon ki a risk. Sepandan, nou espere ke pi fò fanm ansent yo ap prezante sentòm lejè oswa modere, ki sanble ak yon rim oswa yon grip.

**Si mwen trape COVID-19 pandan mwen ansent, èske mwen ap gen konplikasyon gwosè?**

**Si mwen ansent epi mwen genyen COVID-19, èske mwen kapab transmèt virus la a ti bebe ki nan vant mwen an**

**Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen pou mwen pa genyen COVID-19 si mwen ansent?**

**Èske ap genyen ase doktè pou pran swen mwen ak ti bebe mwen an nan lopital la?**

Nou poko konnen si COVID-19 gen enpak negatif sou gwosè. Yo te obsève ke kèk fanm ansent te pèdi lavi yo nan ka enfeksyon ak lòt tip kowonaviris (egzanp: SARS). Lafyèv nan premye trimès gwosè la konn reprezante yon danje tou pou ti bebe a.

Kounye a, pa gen okenn prèv ki montre ke COVID-19 la ka soti nan manman an poul travèse matris la al jwenn ti bebe a. Si ou gen COVID-19, pran prekosyon apre tibebe w la finn fèt pou anpeche enfeksyon (egzanp, lave men).

Se menm mezi prevansyon pou piblik la an jeneral ki aplike pou fanm ansent yo tou. Konsilte gid CDC a pou plis enfòmasyon.

Wi. Lopital la ap asire ke ou menm ak tibebe w la an sekirite, epi jwenn swen nòmalman.



## Kisa mwen dwe fè?

**Kòman mwen kapab jere anksyete ke mwen santi a?**

Peryòd sa se yon moman ki met ke nan men pou anpil moun, sitou pou moun ki ansent yo. Gen plizyè resous ki sijere plizyè fason pou diminye inkyetid pandan tan difisil sa a.

**Pandan pandemi sa a, èske mwen ta dwe toujou ale nan randevou prenatal ak doktè mwen?**

Rele doktè ou pou mande li rekòmandasyon li. Rekòmandasyon yo ka varye depandaman de resous ki disponib yo, istwa medikal ou, ak stad ou nan gwosè la.

Nan moman sa la, lopital ka sanble yon kote ki fè moun pè. Poutan, gen pwotokòl pou enfeksyon ki egziste pou asire sekirite ou menm avèk tout pitit ou a. Akouchman lakay genyen ladanl gwo risk ni pou manman an, ni pou pitit la. Tanpri, diskite de enkyetid ou avèk doktè ou.



**Èske mwen ta dwe anvizaje akouche lakay mwen poum evite ekspoze a COVID-19 nan lopital yo?**

Nan moman sa la, lopital ka sanble yon kote ki fè moun pè. Poutan, gen pwotokòl pou enfeksyon ki egziste pou asire sekirite ou menm avèk tout pitit ou a. Akouchman lakay genyen ladanl gwo risk ni pou manman an, ni pou pitit la. Tanpri, diskite de enkyetid ou avèk doktè ou.

## E si mwen ta vle tonbe ansent nan mwa kap vini yo?

- Konsilte doktè ou, sitou si ou sispèk ou enfekte oswa ou ka vin enfekte. Rete tann otorizasyon doktè ou avan ou eseye tonbe ansent.
- Si ou pa vle ansent, konsilte doktè ou pouw kapab asirew kew genyen ase kontraseptif. Si ou sispèk ou menm oubyen patnè ou enfekte, sonje ke kontak fizik sere ka ogmante risk pou transmisyon maladi a.

Dat dènye revizyon an: 3/23/20